

## *Ku Xamul Foo Jëm, Dangay Dells Fa Nga Jóge*

**Jibril:** Ee kii du Usman?! *Nom de Dieu...*

**Usman:** Gaayn, lan la?

**Jibril:** *Mais* Usman! Usman! Li nga nekke nii... *Est-ce que* gis nga *situation* bi nga nekk nii?

**Usman:** Lu si sa yoon?

**Jibril:** *Mais*, man la Jibril, sa mag! Man la.

**Usman:** Waaw, léégi nak! Xam naa ne yow la, waay bu ma sonnal waay.

**Jibril:** *Mais non*, Usman! Lii waruloo ko def. Ngir Yàlla, dama la ko ñaan, ngir Yàlla bàyyil li nga nekke nga ñów ñu dem kër ga.

**Usman:** Gaayn, booy seey, nga seey! Man fi ma jëm xam naa ko te dinaa fa yegg.

**Jibril:** Man, ngir Yàlla dama la ko ñaan, Usman.

**Usman:** Luy Yàlla? Waay seeyal waay!

Gaayn, wuyu ma. Ee, wax ji bu mu bari. *Sinon* xoolal dama lay *kill* aa? Waay...

**Jibril:** *Ok* nak, dinaa dem, *mais* nak dinaa la xamal lenn. Yoon wi nga jël nii, loolu du sa yoon *quoi*.

**Usman:** Loolu nga foog, seeyal waay. Bu ma sonnal. Ma yor sama *wine* di naan sama *wine* nga bëgg ma sonnal. Bàyyil ma seey waay!

Xawma looy dox di ma sonnal, lu si sa yoon?

**Aysatu:** Yow, jàppal ñu 2S!

**Binta:** 2S benn film rekk a fa am.

**Aysatu:** ... Lu la neex nak yow.

**Jibril:** Salaam maaleykum!

**Aysatu ak Binta:** Maaleykum Salaam!

**Jibril:** Na ngeen def? Yeena ngi toog, yeena ngi si tele bi rekk.

**Binta:** Waaw, gis nga, sunu kër dafa wéét.

**Jibril:** Oo, man moom! Dama xawoon a kii *quoi*.

**Binta:** Waaw, foo nekkoon démb?

**Jibril:** Dama guddee tēdd. Xam nga rekk, jafe-jafe yi rekk *quoi*...

**Binta:** Fii lañu toog ba *trois heures du matin* di la xaar.

**Aysatu:** Kii! Ay mbiram jar na leeral.

**Jibril:** *C'est vrai*. Ee wuyuleen ma! Feyal tele bi ma wax ak yeen.

*Parce que* kii, xam naa ne moom, am jot moom du yomb. Soo amee jot, danga ciy profitoo, *n'est-ce pas?*

**Binta:** Waaw gaa moom!

**Jibril:** Bon, samay ràkk ngeen, ñu baax nak. *Vraiment* gis ngeen, xool ngeen *la situation*.

Gis ngeen li nga xamante ne noonu la mbir yi di deme.

Ee, gënalu ma! Gënalu leen. Te xam naa ne bu fi sama yaay nekkoon ak sama pàppa, du leen gënal puur Usman. Yoon wi nga xamante ne moom la tànn, yoon wi mu jël, xam ngeen ne du woowu yoon.

Gisu ko si man te gisu ko si seeni ràkk. Waaye nak, léég-léég, jafe-jafe àdduna mooy waral nit ki di sóóbu si loo xamante ne du ko xam.

Bés bu gindeekoo rekk, xam ne la mu nekkoon du noonu.

Na ñu ñaan Yàlla, Yàlla leeral xelam te gindi ko. Moo tax ma bëggoon ci wax ak yeen puur dalal leen, puur xamal leen ne loolu buleen ka def mu nekk lu leen di diise.

Teggileen ko, ngeen dund seen dund, dund *tranquillement*, dund dund gu dal.

Bu ko defee, moom bu leen gisee, xelam mën na ñówaat ci moom. Su ko defee, Yàlla mën a defar mbir yi. Te saa yu ñu jullee nak, ñu koy sànni ñaan. *Parce que* loolu rekk moo fi des.

Toog fii di ka mettitlu amul njariñ. Na ñu góórgóórlu ci suñu bopp, xam ne fi mu jël du noonu. Ñun ñu jël fas a des, ba pare di ko ñaanal Yàlla indiwaat ko. Moo tax ma newoon na nu si waxtaan.

**Aysatu:** Man de, damay rus a sax dem ci samay moroom. Bu ma demee, foofu lañuy nekk di ma tooñ, naan sa mag ab mandaale la. Moo tax léegi may toog fii di seetaan tele.

**Jibril:** Waaw!

**Binta:** Waaw *alhamdulillah* ba nga ñu taxawoo. Donn nga sunu ndey, donn nga sunu baay tey.

Te, yaa ngi fi daal. Ñun daal *alhamdulillah* daal lañuy wax. *Alhamdulillah* bu baax moom lañuy wax!

Na ñu muñ rekk, Yàlla baax na. Usman moom dina ñówaat, bu soobee Yàlla.

**Jibril:** Waaw, xam naa ne moom man sax, tiituma si yeen, tiituma si yeen.

*[Am na kuy fëgg ci bunt bi]*

**Aysatu:** *Entrez!*

**Binta:** Nun, fi nga nu jaarloo rekk lanuy jaar, bu soobee Yàlla.

**Aysatu:** *Entrez!*

**Binta:** Usman!

**Jibril:** Usman.

**Usman:** *Grand*, maa ngi leen di siyaar.

**Jibril:** *Ça va?* Toogal, toogal.

**Usman:** *Ça va? Aysa.*

**Aysatu:** Usman!

**Usman:** Binet, *ça va.*

**Binta:** Usman!

**Usman:** Na ngeen def?

**Binta:** *Ça va?*

**Usman:** *Ça va bien? Grand!*

**Jibril:** Usman!

**Usman:** *Grand! Baalleen ma!*

**Jibril:** Baal nañu la.

**Usman:** Grand! Xam nga tey jii, dama *retourner quoi, parce que* àdduna moom, "boo xamul foo jëm, dangay dellu fa nga jóge".

**Jibril:** Dëgg la, dëgg la. *Alhamdulillah.*

*Grand! Jamono ji, yaay fi suñu ndey yaay fi suñu baay. Te grand, fan yale - non, fekk nga ma ci melokaan bu doy waar.*

*Bon, man ma jàpp ne yoon wu ma jël noonu, mooy yoon wu baax, ma di ci xuus, yaakaar ne dinaa yegg, mais dem naa ba man xawma woon fan laa jëm, gisatuma dara, noonu ma retourner quoi.*

*Mais grand, est-ce que xam nga ne ñu nekk ci yoon woowu, dañu yaakaar ne ñu ngi ci yoon wu baax, mais ndekete du noonu.*

**Jibril:** Dëgg la, Usman. Dëgg la. Lii nga nara wax, xam nañu ko. Ñun *comprendre* nañ' la. Fi ñu toogoon fii say wax lañu doon wax.

*Mais alhamdulillah.* Ñu ngi sant Yàlla bi nga ñówaatee, ndax noppiwuñu woon di ci la ñaanal.

Ni ng' ka waxe nak noonu la. Nit boo demee ba xamattoo fan nga jëm, na ngay delluwaat fa nga jógewoon. Ndaxte yow, yoon wi nga jëloon du sa yoon, danga bàyyiwoon sa yoon.

**Usman:** *Mais grand!* Man, sonnal naa leen de!

**Jibril:** Amul benn *problème*, yow yaa nu war a sonnal.

**Usman:** *Grand...!*

**Jibril:** Yow, bul jooy, boo jooyee say ràkk dañuy jooy.

**Binta:** Usman boo jooyee, ñun lan lañuy def! Aa Usman?

**Jibril:** Baax na, jógleen, deeleen dem si biir.

Graawul. Léégi, na ñu àgg ci biir nga sangu *parce que* xam naa ne gëj nga kii. Yeen, demleen seen néég. Kaay kaay!

**Usman:** *Grand!* Baalleen ma!

**Jibril:** Amul solo.